



# VIL SOMERVILLE

## SESYON ENFÒMASYON SOU LIS DATANT POU LWAYE KONSOLIDE LOJMAN ENKLIZIF



## TAB DÈ MATYÈ

- \* Entwodiksyon/Entretien menaje
- \* Apèsi Lis Datant Lojman Lwaye Konsolide
- \* Revni ak Abòdabilite
- \* Etap pou aplike pou Lis Datant Konsolide a
- \* Pwoesisis Lotri a
- \* Divès
- \* Kesyon ak Repons



# ENTWODIKSYON / NETWAYAJ KAY

- \* Lynne D. Sweet, Manm Jesyonè, LDS Consulting Group, LLC
- \* Benjamin Wyner, Espesyalis Pwogram , Vil Somerville
- \* Alanna Gaffny, Jesyonè Lojman Enklizif, Vil Somerville
- \* Adrienne Pomeroy, ADA koòdonatè, Vil Somerville
- \* Meredith Gamble, Biwo Zafè Imigran, Vil Somerville
- \* Kòman pou w jwenn aksè a entèpretasyon





## ► OBJEKTIF SESYON ENFÒMASYON JODI A:

Pou ede ou konprann pwoesisis pou ou aplike pou opòtinite lojman Iwaye enklizif nan Somerville pou nouvo lis datant santralize li a, osibyen ke pou ou konprann nouvo sistèm priorite ak preferans yo.

Nouvo lis datant konsolide pou aplikan an pral fèt **espesyalman** pou nouvo apatman lojman Iwaye abòdab la ki te kreye anba òdonans pou Zonaj Enklizif Vil Somerville la. Lè lis datant ki deja egziste pou apatman enklizif ki te kreye yo fin itilize, jesyonè pwopriyete yo pral kapab tire tou nan Lis Datant Konsolide a.

## ► BENEFIS

Yo prevwa ke plis pase 300 apatman Iwaye abòdab pral ajoute nan envantè Lojman enklizif Somerville la nan 5 lane kap vini yo.

Aktyèlman gen plizyè lis datant separe, ak aplikasyon ki inik pou yo chak. Lè ou ap aplike pou lis datant sa a, yo va mete moun lakay ou sou yon sèl lis datant pou tout nouvo apatman Iwaye enklizif Somerville yo.



## PATISIPASYON PIBLIK LA

- Depi konbyen tan ou rete Somerville?
- Èske ou te tandem pale de Lojman Lwaye Enklizif nan Somerville?
  - Èske ou abitye ak kalite apatman yo ak ekipman kominotè yo?
- Èske ou te aplike pou opòtinite lojman pou lwaye abòdab deja?
  - Se ki kalite pwoblèm ou rankontre lè ou ap aplike pou lojman enklizif nan Somerville?
    - Ou te rate pou aplike paske ou pa te reyisi respekte dat limit lan?
    - Pwoblèm pou ou te kalifye?
    - Ou te Kalifye men rate apatman an



## ► LIS DATANT SA A PA PRAL APIKE A TOUT APATMAN ABÒDAB NAN SOMERVILLE

**konsa, sa ka rive ke ou bezwen aplike pou apatman abòdab andeyò lis datant santralize sa a nan Somerville.**

## ► *PA EGZANP:*

- 1) Lis datant ki egziste deja pou apatman ki te konstwi anvan kreyasyon lis datant konsolide sa a.
- 2) Apatman lojman abòdab ki pa kreye anba Òdonans Lojman Enklizif Vil Somerville la.
- 3) Apatman ki posede oswa jere pa Somerville Housing Authority.
- 4) Nouvo apatman lwaye ki te kreye pa Somerville Community Corporation.



Si mwen sou yon lòt lis datant nan Somerville, èske mwen bezwen aplike pou lis datant konsolide a?

✓ **Wi: Ou bezwen aplike pou antre nan novo lis datant la.** Fwaye ki sou lòt lis datant yo p ap transfere nan novo lis datant sa a.

Kòman yon Fwaye ka aplike pou antre nan novo lis datant konsolide Lojman Enklizif la?

✓ Etap yo sou dyapozitif ki annapre yo



## Se ki nivo revni ke pwogram lan vize?

- Apatman Iwaye yo ka vin disponib a 50%, 80%, ak 110% limit Revni Medyàn Zòn lan (AMI). (Remak: yo ka refere nivo abòdabilite tou kòm etan 50%, 80% oswa 110% Revni Medyan Fanmi an(MFI))
- Se HUD ki fikse limit revni chak prentan epi sa a lye ak kantite moun ki nan yon fwaye. Pa egzanp, jodi a, nivo revni pou kat moun se \$70,100 pou yon fwaye kat moun a 50% AMI epi nivo revni a se \$111,850 pou yon fwaye kat moun a 80% AMI.

## Kòman yo detèmine nivo Iwaye?

- Pri Iwaye yo baze sou limit revni anyèl ke yo mete ajou chak ete. Yo lye a kantite chanm nan yon apatman epi yo teni kont pou sèvis publik yo



# ETAP EN: ENSKRI POU YO KA AVIZE W LÈ APLIKASYON AN LOUVRI

ALE NAN:  
[WWW.SOMERVILLEMA.GOV/INCLUSIONARY](http://WWW.SOMERVILLEMA.GOV/INCLUSIONARY)



**AFFORDABLE HOUSING  
ALERTS: SIGN UP NOW**

Lyen sa a pral mennen ou nan yon paj enskripsyon kote ou ka antre enfòmasyon kontak ou

Yon fwa ke aplikasyon lis datant lojman abòdab la disponib, yo va avize ou pa Imèl  
(Altènativman Lapòs Ameriken si ou pa t bay yon adrès imèl).


Kopi sou papye aplikasyon an ap disponib tou nan divès lokal sivik nan vil la tankou:  
Mèri, Lekòl, Bibliyotèk, ak Sant pou moun aje yo.

**Aplikasyon yo ap disponib nan plizyè lang**



## ETAP DE:

### RANPLI APLIKASYON AN



Ki bagay enpòtan pou ou sonje lè ou ap ranpli aplikasyon ou lan

- **Revize revni fwaye an ansan ak byen yo.**
- **Asire ou ke konpozisyon fanmi ou genyen ladan tout manm yo.**
  - **Èske konpozisyon fwaye ou pral chanje nan yon lavni pwòch? Si se konsa, ou va bezwen mete ajou aplikasyon ou lan lè sa rive.**
  - **Èske fwaye ou pral satisfè kritè priyorite ak preferans yo?**



Bagay anplis pou konplete

- **Enfòmasyon sou chak manm fwaye a tankou laj/travay/lekòl**
- **Fòmilè konsantman demografik pou enfòmasyon sou ras/etnisite/andikap**

*Kondisyon imigrasyon pa afekte elijibilite pou w kalifye pou yon apatman  
Iwaye lojman enklizif*



## ETAP DE:

# RANPLI APLIKASYON AN



**Modifikasyon a egzijans pou gwosè fwaye a: Patnè yo pral oblige pataje yon chanm**

- **Anvan sa: Egzijans 1 oswa plis moun nan chak chanm pou yo elijib**
- **Pou lis datant santral la: Koup ki marye oswa sila yo ki nan yon patenarya domestik pral oblige pataje yon chanm (sòf si yo ka montre gen yon bezwen medikal pou chanm separe)**



## ETAP DE:

# ENFÒMASYON FINANSYÈ

### Ki enfòmasyon ki enkli nan revni?

Anjeneral, yo prevwa pou resevwa Revni anyèl pou chak ane, ki sòti nan tout sous revni brit (anvan taks, dediksyon, sezi, elatriye) pandan peryòd 12 mwa ki ap vini yo pou tout manm nan fwaye a sof si règ pwogram yo pa ladan

### Se ki limit pou byen yo?

Byen total yon kay pa gen dwa depase \$75,000 plan retrèt, sante ak epay pou inivèsite pa ladan. Limit byen yo pa chanje daprè kantite manm nan yon fwaye

### Èske Bon pou Lwaye yo aksepte?

Tipikman, yo aksepte si montan bon an kouvri lwaye apatman an.



# ETAP TWA:

## CHAZI YON NIVO PREFERANS

### Kategori Preferans (Chwazi youn):

#### Nivo 1: Preferans

- **Rezidan Aktyèl Somerville**
- **Fwaye ki san zabri kounye a (ki gen ladan viv nan abri oswa enstalasyon tranzisyon yo ap viv nan Somerville oswa yo deplase kite Somerville, men y ap viv nan Somerville nan moman aplikasyon pou lotri a)**
- **Fwaye ki gen omwen 1 timoun ki ale nan Lekòl Leta Somerville**
  - **Aktyèlman fanmi ki san zabri yo ka kalifye tou pou Preferans Nivo 1 si yo gen omwen 1 timoun ki ale nan Charter Schools Somerville**

#### Nivo 2: Preferans

- **yo anplwaye aktyèlman epi yo ap travay *20 èdtan* e plis nan Somerville ak/oswa**
- **Deplase kite Somerville nan 2 lane ki sot pase yo**

#### Nivo 3: Preferans

- **Pa satisfè Preferans Nivo 1 oswa 2**



## ETAP KAT:

# IDANTIFYE KONDISYON YON PRIYORITE

### **Kondisyon Priyorite (si aplikab):**

Aplikan ki ap fè fas ak yon bezwen lojman dokimante epi ki ijan gen dwa elijib pou yon priyorite nan tout le twa (3) nivo preferans yo. **Tout priyorite yo ko-egal** nan chak nivo, aplikasyon ki gen yon priyorite pral trete pou rezon kalifikasyon ak konvenabilite pou yon apatman ki disponib anvan moun ki pa gen priyorite nan chak nivo yo. Aplikasyon ki etabli plis pase yon priyorite p ap jwenn yon pi gwo priyorite paske preferans yo pa regroupe.

### **Priyorite ko-egal nan chak nivo yo gen sa yo ladan I:**

- Ou aktyèlman san zabri
- Ou ap fè eksperyans vyalans domestik
- Ou nan risk deplasman ki pwòch
- Depatman Sèvis Enspeksyon (ISD) egzije pou ou degèpi bay apatman aktyèl la paske li nan kondisyon ki pa abitab
- Ou nan bezwen pou yon apatman ki aksesib pou mobilite, adaptif, oswa vizyon/soud nan zorèy
- Avèk yon koupn (voucher) mobil ki pap itilize aktyèlman pou lwe yon apatman, ou lwe yon apatman ki pa reponn ak bezwen aksesibilite moun ki gen koupon oswa voucher a.



## ETAP SENK:

### LÒT ETAP NAN PWOSESIS APLIKASYON AN

#### ➤ SOUMÈT APLIKASYON NAN DAT LIMIT LA

- EN PÈSÒN
- ENTÈNÈT
- PA FAKS
- PA IMÈL

#### ➤ KÒMAN LIS DATANT LAN FONKSYONE?

Yon fwa yo fin resevwa tout enfòmasyon ki nesesè yo, epi yo detèmine kalifikasyon preliminè yo, daprè enfòmasyon ki bay sou aplikasyon an atravè oto-sètifikasyon, Divizyon Lojman an oswa Konsiltan an pral voye yon repons alekri ki endike idantifikasyon inik aplikan an epi mete ladan gwoup ou ka espere patisipe ladan I lan



# PWOSESIS LOTRI A



## LÈ LIS DATANT KONSOLIDE A LOUVRI:

- **Aplikasyon yo ap vin disponib sou Entènèt, nan espas piblik nan Somerville oswa poste pa lapòs voye bay sou demann ak yon dat pou fin ranpli aplikasyon an.** Aprè fèmti premye peryòd aplikasyon an, yo va fè yon tiraj lotri.
- **Tiraj Lotri a**
  - Va fèt nan yon kote piblik ki aksesib pou chèz woulant ak/oswa sou entènèt. Aplikan yo pa bezwen prezan pandan tiraj lotri a.
- **Yo va afiche yon vidyeo lotri a nan lespas 14 jou aprè tiraj la.**
- **Yo va mete aplikan yo sou yon lis datant nan lòd ke lotri a te tire a.**




## LÈ YON APATMAN VIN DISPONIB:

- **Vil la oswa Konsiltan an pral revize lis datant konsolide a epi detèmine fanmi ki pi byen klase ki satisfè kategori preferans yo epi mete fanmi sa yo nan lotri a**
  - Pwen kontak ou a ka dirèkteman ak Anplwaye Vil la oswa ak anplwaye nan yon ajans konsiltasyon.




# APRÈ PWOSÉSIS LOTRI A



## METE ENFÒMASYON AJOU:

- Ou dwe enfòme Vil la de nenpòt chanjman nan:

- Konpozisyon fwaye ou
- Sous Revni Fwaye ou
- Chanjaman nan preferans oswa kondisyon priyorite
- Enfòmasyon kontak ou



## DEPISTAJ FWAYE OU:

- Depistaj Elijibilite pou Pwogram lan :

- Yon fwa yon aplikan rive nan tèt lis la, yo pral avize li pou li founi dokiman sa yo:
  - ◊ Dokimantasyon revni
  - ◊ Taks anyèl ki pi resan
  - ◊ Dokimantasyon sou byen
- Dokimantasyon Preferans Somerville (si sa a aplikab)
- Dokimantasyon Priyorite (si sa a aplikab)



# APRÈ PWOSESIS LOTRIA

- **Depistaj Siplemantè:**
  - **Pwopriyetè a oswa konpayi Jesyon an ka tcheke aplikan an pou kredi, istwa pwopriyetè, ak antedesan kriminèl.**
  - **Yo pa ka refize Aplikan yo baze sèlman sou yon mank de istwa kredi.**
- **Lòt bagay Aplikan an ap bezwen fè anvan li Iwe apatman yo:**
  - **Gade apatman an (yo ka refize apatman an, men gen yon limit, aprè sa fwaye yo va pèdi plas yo sou lis datant lan)**
  - **Siyen kontra Iwaye a\***

*\*Ou pa dwe janm bay yon Pwopriyetè avi ke ou vle mete fen nan bayafèm aktyèl ou an toutotan nouvo bayafèm ou an pa te ofri\**



# LÒT KONSIDERASYON

## Apèl:

- **Yon fwaye ke yo jije inelijib aprè yo fin konplete pwosesis sètifikasyon revni an gen dwa pou depoze yon apèl kont detèminasyon revni an. Pou kòmanse pwosesis kontestasyon an, aplikan an dwe voye yon Demann Apèl alekri bay Direktè Divizyon Lojman an nan 5 jou ouvrab aprè li resevwa detèminasyon inelijiblite a.**

## E si yon Aplikan Bezwen Mete Ajou Aplikasyon I lan:

- **Se responsabilite pa ou pou kontakte biwo lojman an si nenpòt nan enfòmasyon ou yo ta vin chanje pou ou mete ajou aplikasyon ou lan. Pa egzanp: chanjman adrès, imèl, nimewo telefòn, sitiyasyon fwaye a, elatriye.**

## Konbyen fwa Lis Datant Lojman Enklizif la pral Mete ajou?

- **Yo aktyèlman prevwa pou mete ou ajou chak lane oswa dezan.**



# LIS DATANT KONSOLIDE VIL SOMERVILLE

## KESYON AK REONS